

JÈN TIMOUN AK VAKSEN



National Center on
Health, Behavioral Health, and Safety

Pwoteje Ptit Ou Grasa Vaksen



Pou kisa ptit mwen bezwen pran vaksen?

Vaksen yo kapab pwoteje jèn ptit ou a kont 14 maladi danjere. Maladi vaksen kapab anpeche se maladi ki kapab danjere anpil.

Kèk maladi nou ka evite se maladi timoun pran souvan nan peyi Etazini, tankou koklich, tous ak grip. Lòt maladi yo se maladi ki ra isit la, genyen yo nan lòt peyi yo.

Moun ki pa vaksinen ki vwayaje nan peyi etranje kapab retounen nan peyi a avèk maladi sa yo. Sa mete jèn timoun yo an danje, si yo pa pran vaksen yo.

Kisa kalandriye vaksinasyon (iminizasyon) ye?

Kalandriye vaksinasyon (ki rele iminizasyon tou) ap fè ou konnen lè ptit ou bezwen pran vaksen. Se Centers for Disease Control and Prevention (CDC) ki mete kalandriye sa a sou pye. Si ou swiv kalandriye a, l ap ede ou pwoteje ptit ou bonè nan lavi li, anvan ptit ou ekspoze a maladi grav yo. Pou kèk vaksen, ptit ou ap bezwen twa oswa kat dòz anvan li gen 2 lane. Ptit ou ta ka bezwen yon dòz rapèl tou lè li vin pi gran.

Ki efè segondè vaksen yo?

Kèk efè segondè vaksen yo se doulè kote timoun nan te pran piki a, ajitasyon oswa yon lafayèv ki pa fò. Efè segondè sa yo prale nan kèk jou. Efè segondè grav yo se efè segondè ki ra.

Fason pou pwoteje sante ptit ou

- Aprann konnen ki vaksen ptit ou bezwen pou li rete an sante. Ou kapab jwenn enfòmasyon yo sou sitwèb CDC (www.cdc.gov/vaccines/parents).
- Fè ptit ou pran vaksen yo nan lè doktè ptit ou rekòmande sa.
- Ptit ou ap bezwen plis pase yon dòz nan kèk vaksen. Fè ptit ou pran tout dòz ki rekòmande yo.
- Mande doktè a ki fason pou pran swen ptit ou apre li fin pran yon vaksen.
- Si dòz yo lakòz oumenm oswa ptit ou gen strès, mande doktè a pou li ba ou kèk ti konsèy.
- Mande yon kat swivi vaksen nan klinik doktè a oswa nan depatman sante eta kote w ap viv la. Itilize kat la pou konsève yon dosye vaksen ptit ou pran yo.
- Mande doktè a pou voye rapèl ba ou konsènan lè ptit ou bezwen pran pwochen vaksen yo.
- Si ptit ou rate nenpòt vaksen, kolabore avèk doktè a pou w ratrape.

Ou gen plis kesyon?

Pale avèk doktè ptit ou oswa ale sou sitwèb www.cdc.gov/vaccines/parents.



National Center on
Health, Behavioral Health, and Safety

1-888-227-5125 • health@ecetta.info • <https://eclkc.ohs.acf.hhs.gov/health>

Septanm 2021